



Indero n'ubumenyi vyo gukingira abana Ivyo abavyeyi n'abarezi bakwiye kumenya

Izina ry'ishuri
Name of school

Imyaka bagezemwo
Participating Year/s

Igitigiri c'ivyigwa biga mw'iyinga
Number of lessons per week

Umuntu wo kw'ishuri bashobora kuvugana
School contact person

Telefone z'uwo muntu
Contact telephone number

Banyakwubahwa bavyeyi n'abarezi

Uyu mwaka abanyeshuri bo mu myaka yerekanywe aho hejuru bazogira uruhara mu cirwa ntahara citwa ugutera imbere ku giti c'umuntu, amagara hamwe n'imyimenyerezo yo ku mubiri (Personal Development, Health and Physical Education (PDHPE)).

Bimwe mu bigize gahunda y'ishuri ryacu muri PDHPE harimwo icirwa ntahara citwa ugutera imbere ku giti c'umuntu, amagara hamwe n'imyimenyerezo yo ku mubiri. Bimwe mu bigize ivyigishwa mu ndero n'ubumenyi vyo gukingira abana harimwo ibintu bihambaye. Ishuri rizokwigisha ivyo bintu mu buryo abana b'iyoye myaka babitahura.

Ivyo bintu kanaka bidasanze bizokwigishwa mu ndero y'ubumenyi vy'ugukingira abana birerekanwa ku rukaratazi rukurikira.

Ku zindi nkuru zirengeye izi ku vyerekeranye n'indero n'ubumenyi vy'ugukingira abana ja kuri [Child protection and respectful relationships education](#) (indero n'ubumenyi vy'ugukingira abana n'imigenderanire yubashwe) ikigabane c'igisata c'indero ku buhinga ngurukanabumenyi bwa PDHPE.

Igitigiri c'ivyigwa kw'iyinga muri iki giceaho indero n'ubumenyi vyo gukingira abana bizigishwa cerekanywe aho hejuru.

Nimba ukeneye izindi nkuru zirengeye izi, usabwe kurondera umuntu bacako kuri iyo shuri, amazina yiwe n'inomero ziwe vyerekanywe aho hejuru.

Ibikorwa vyo gusobanura mu zindi ndimi

Nimba ukeneye umusobanuzi wo kugufasha gushikira ishuri, usabwe guhamagara kuri telefone y'ibikorwa vyo gusobanura kuri 13 14 50 kandi uce usaba umusobanuzi mu rurimi rwawe. Uwuri ku mashini azoca ahamagara kw'ishuri maze ahabwe umusobanuzi ku murongo kugira ngo agufashe muri ico kiganiro. Ntuzorihishwa amahera kuri ivyo bikorwa vy'uwagusobanuriye.

Uwanyu

Umuyobozi (Principal)

Mu bigize ibizokwigwa mu ndero n'ubumenyi vyo gukingira abana harimwo:

The content which will be covered in child protection education includes:

(Staff to tick the relevant boxes below for Stage 4 content.)

Imigenderanire y'ukwitwararika n'ukwubaha abandi
Caring and respectful relationships

Uburenganzira n'ivyo umuntu ategerezwa gukora mu migenderanire itandukanye
Rights and responsibilities in different relationships

Kurenganya n'ububasha
Abuse and power

Ibipfa kuvugwa ku bitsina
Gender stereotypes

Kwizigira ingene umubiri wawe wifata mu bihe vy'amahoro no mu bihe vy'akaga
Trusting your body's response to safe and unsafe situations

Ibiva ku ruhara rw'umuryango, ibimenyeshamakuru, n'urunganwe ku bijanye
n'ububasha hamwe n'imigenderanire
Influence of family, media and peers on power and relationships

Ingene woshikira imfashanyo
How to access help

Inani zo gushigikirana
Support networks

Kunyuzura no kugirira nabi abantu no kugirira nabi abantu kubera urukoba
Bullying and harassment, including homophobic bullying and racism

Uburyo bwo kwikingira kugira ngo ugume mu mutekano no mu mahoro
Protective strategies to stay safe

Kumenyesha no gutahura ko umuntu yemeye imigenderanire ishika kure
Acknowledging and understanding consent in intimate relationships